

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Métode jeung Téhnik Panalungtikan

##### 3.1.1 Métode Panalungtikan

Métode asalna tina kecap *méthodos*, tina basa Latin, sedengkeun kecap *méthodos* asalna tina kecap *méta* jeung *hodos*. *Méta* hartina ngaliwatan, nuturkeun, saenggeus, sedengkeun *hodos* miboga harti jalan, cara, jeung arah. Dina harti nu leuwih lega, métode téh nya éta strategi ngamaham réalistis, léngkah-léngkah nu sistématis pikeun mecahkeun “rangkaian” sebab-akibat saterusna (Ratna, 2004: 34).

Dumasar kana éta wangenan, métode nu rék digunakeun nya éta métode déskriptif, nya éta ku cara ngadéskripsikeun sakabéh data nu aya kalawan rinci, anu satuluyna data dianalisis dumasar kana unsur instrinsik anu aya patali- jeung téma, amanat, nada, jeung rasa.

##### 3.1.2 Téhnik Panalungtikan

Kecap téhnik tina *téhnikos*, basa Yunani, nu hartina alat atawa seni ngagunakeun alat (Ratna, 2004: 37). Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka jeung analisis data.

- 1) Studi pustaka nya éta téhnik anu digunakeun dina néangan cara nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya hubunganana jeung bahan panalungtikan.
- 2) Analisis data nya éta téhnik ngolah data hasil tina prosés panalungtikan.

### **3.2 Populasi jeung sampel**

#### **3.2.1 Populasi**

Populasi nya éta sajumlahing data atawa sakumpulan data nu baris ditalungtik sarta mangrupa sasaran utama. Dumasar éta, populasi dina ieu panalungtikan téh nya éta buku kumpulan sajak *Sasambat* karya Yayat Hendayana.

#### **3.2.2 Sampel**

Sampel nya éta bagian tina populasi anu baris ditalungtik. Dina ieu panalungtikan, nu baris ditalungtik nya éta hal-hal anu aya hubunganana jeung moral, di antarana téma, amanat, nada, jeung rasa anu aya dina kumpulan sajak *Sasambat* karya Yayat Hendayana. Sampel anu dipake dina ieu panalungtikan nya éta sampel total. Ku kituna, 46 sajak dina kumpulan sajak *Sasambat* karya Yayat Hendayana, ditalungtik dumasar kana téma, amanat, nada jeung rasa.

### **3.3 Léngkah-léngkah Panalungtikan**

#### **3.3.1 Tatahar**

- 1) Nangtukeun judul jeung objék panalungtikan;
- 2) Néangan téori-téori anu aya hubunganana jeung objék panalungtikan;
- 3) Ngajukeun proposal panalungtikan, jeung
- 4) Konsultasi jeung dosén pembimbing.

### **3.3.2 Ngumpulkeun Data**

- 1) Nganalisis struktur dina kumpulan sajak *Sasambat* karya Yayat Hendayana;
- 2) Nganalisis ajén moral dina kumpulan sajak *Sasambat* karya Yayat Hendayana;
- 3) Nganalisis bentuk atawa jenis ajén moral dina kumpulan sajak *Sasambat* karya Yayat Hendayana;
- 4) Konsultasi jeung dosén pembimbing.

### **3.3.3 Ngolah Data**

- 1) Ngadéskripsiéun kumpulan sajak *Sasambat* karya Yayat Hendayana;
- 2) Ngadéskripsiéun ajén moral dina kumpulan sajak *Sasambat* karya Yayat Hendayana;
- 3) Ngadéskripsiéun bentuk atawa jenis ajén moral dina kumpulan sajak karya Yayat Hendayana;
- 4) Konsultasi jeung dosén pembimbing.

### **3.4 Nyusun laporan**

Hasil tina ieu panalungtikan ngeunaan struktur sajak nu aya hubunganana jeung ajén moral téh disusun dina wangu skripsi.

